

BAHASA, SASTRA DAN AKSARA JAWA

a. Cerita Rakyat

No.	Judul Cerita Rakyat	Peninggalan warisanbudaya / petilasan yang terkait	Garis Besar Cerita Rakyat
1	Perjalanan Syiar agama Islam oleh Sunan Kalijaga	Krapyak Bolang, Paseban Wiloso, Masjid Sunan Kalijaga di Padukuhan Doplang	Konon dalam cerita Sunan Kalijaga melakukan perjalanan untuk menyadarkan masyarakat untuk mengenal Ajaran Islam. Pertama kali datang dari sebuah pantai yang sekarang dikenal dengan sebutan Pantai Gesing. Dan Njeng Sunan didherekke salah satu muridnya bernama Kyai Pemanahan ke padukuhan Bolang dan mengumpulkan sedikit warga masyarakat untuk diberikan pengertian tentang ajaran agama islam dan saat ini petilasannya dinamakan Krapyak Bolang. Syiar agama Islam dilanjutkan ke barat di padukuhan Wiloso, disana terdapat batu yang dipakai untuk alas beribadah oleh Sunan Kalijaga. Petilasan dipadukuhan Wiloso dinamakan Paseban. Perjalanan syiar berlanjut ke padukuhan Doplang, disana didirikan masjid pertama kali di Kalurahan Girikarto dan diberi nama Masjid Sunan Kalijaga dan masih berdiri sampai sekarang dengan mengalami renovasi. Setelah melanjutkan perjalanan ke daerah yang lain, Sunan Kalijaga mempercayakan kepada dua orang Murid untuk melanjutkan syiar yaitu Ki Rompak Boyo dan Ki Soro Boyo. Kyai Soro Boyo mengampu penyebaran diwilayah Bolang dan sekitarnya sementara Rompak Boyo berada di Doplang. Dan prajurit Brawijaya V yang masuk Islam adalah Ghurit Wesi yang merupakan cikal bakal Padukuhan Doplang. Dari perjalanan historis menimbulkan daya fibrasi dan kecerahan sampai hari ini. Kyai Soro Boyo dan Rompak Boyo adalah murid Kyai Pemenahan atau cucu murid dari Njeng Sunan Kali. Setelah menerima syiar Islam sebagian muridnya disebut para ulama yang sekarang lebih dikenal dengan sebutan Koum

No.	Judul Cerita Rakyat	Peninggalan warisanbudaya / petilasan yang terkait	Garis Besar Cerita Rakyat
2.	“Kenthongan Kyai Muntira Setika”	Tiruan kenthongan sebesar ukuran orang dewasa Karena kenthongan yang asli aus karena waktu.	Kenthongan ing jamanipun simbah, saestu wigatos sanget paedahipun, kejawi saged minongka Tenggara ing kawontenan menapa kemawon, ugi minangka sarana komandho saking para prabot dhusun lan Kalurahan. Kados to yen wonten bebaya maling, kobongan, payo-payo (tiyang lampah sandi), wonten sripah malah kangge sarana ngempalaken warga ugi namung migunakaken Kenthongan. Dipun cariyosaken Ki Karsodiryo (paranormal lan nate ngasto Dukuh), bilih ing jamanipun Lurah Gunadirya (Lurah Kapisan) ing Wiloso, kagungan Kenthongan ingkang wingit. Kenthongan damelaning Ki Harjodinomo. Diparingke Ki Demang Piyaman, Ki Wono Pawiro dumateng Ki Lurah Gunadirya, dipun damel saking kayu Karangpulut sak dedeg tiyang dewasa. Tiyang sepuhipun Ki Demang ing jamanipun Ki Harjodinomo menika satunggaling tiyang ingkang sekti pilih tanding, mila anggenipun yasa Kenthongan injih kanthi lampah prihatos. Kenthongan menika kaparingaken tenger nama Kyai Muntira Setika. Kacariyos kenthongan menika dipun paringaken dhumateng Ki Gunadirya, Kabekta dhateng kalurahan Wiloso. Miturut Ki Karso dirya, Kenthongan Kyai Muntira Setika wau saged muni piyambak menawi badhe wonten bebaya ingkang badhe nempuh Kalurahan Wiloso, Kethongan menika kapapanaken ing regol mlebet Kalurahan lan regol kadamel saemper kados kampong, kanthi kiwo tengen dipun damel panggungan, tengahipun lowah kangge mergi mlebet sowan Ki Lurah. Saben dinten Senin Paing selapan dinten sepisan dipun adani kempalan umum mapan ing Kalurahan, kinten-kinten wanci jam 8 enjang Kenthongan Muntirasetika dipun tabuh. Para sepuh nyariosaken bilih suwantenipun Kenthongan wau kepireng ngantos Kantor Asistenan Panggang. Ananing Kenthongan Kyai Muntiro setika saestu ngedalaken daya prabowo kawibawan kang gedhe sawabe. Ananging lampahing penganggep masyarakat bebrayan agung kaleduk asung pakurmatan mring barang aji kenthongan puniku, contonipun warga masyarakat asung hormat lan amit-amit wektu liwat ngliwati kenthongan iku. Pramilo nuwuhaken robahing daya sae (energy positif) ribah dados daya ala (energy negative). Contohipun kawontenan ing balai Kalurahan mboten rukun, crah sulaya, sesakit lan pagebluk. Awit saking menika kenthongan Kyai Muntiro Setika dipun labuh ing luweng Pengason Wilayah Bedug wewengkon Doplang, ananging senjata sampun dilabuh sawab daya awon tasih dereng sirna, menawi salah sawijining warga Bedug sakit diwontenaken pirembakan warga dipun muwakati kenthongan dipun angkat minggah malih saperlu diruwat. Sasampunipun dilampahi pangruwatan kenthongan kyai Muntira Setika dipun rawat panjenenganipun Ki Singagati lan Ki Krama Ijaya

			Keladuk ing wicara, sok sintena ingkang kiyat ngrimat Kenthongan Muntira Sentika menika, ing tembe putra wayahipun badhe wonten ingkang kiyat dados Lurah! Tumrap ingkang mboten pitados bab menika dipun anggep ngayawara, nanging kanyatan mbuktekaken. Kenthongan Muntira Sentika wau umuripun atusan tahun, dados injih lajeng sekedhik mbaka sekedhik lajeng rusak. Semantena sinaosa kawontenan sampun risak, tetep dipun openi/ dipun rimat dening Ki Singagati lan Ki Kromoiyaya. Lumampahing wekdal kyai muntira sedika murca ilang saking papan panggenan. Kapitadosan warga bebrayan agung murca bali ing asli inggih punika kang ngrepto. Kasunyatan suka bukti : 1. Sukap : wayahipun Ki Singagati saget dados Lurah ka 5 2. Tuyadi : wayahipu Ki Kramaiyaya dados Lurah ka 6. Nagging menapa sedaya menika saking dayanipun Kenthongan Muntira Setika? Walahu alam! Kagem angleluri kawontenan Kenthongan Kyai Muntira setika ingkang asalipun saking kajeng Karangpulut, pramila sakmina dipun damel tiruan utawi duplikatipun saking kajeng Nangka/Gori.
--	--	--	---

No.	Judul Cerita Rakyat	Peninggalan warisanbudaya / petilasan yang terkait	Garis Besar Cerita Rakyat
3.	“Madege Kalurahan Wiloso Desa Girikarto”	Kalurahan Girikarto	“Katentreman iku Sayekti Dadi Pawitaning Urip” Owah gingsiring kawontenan alam sarto jaman menika limrah kelampahan ing gesanging umat manugsa. Wewengkon Desa Girikarto sejatosipun sampun wonten pepathaing warga wiwit jaman Majapahit. Bab menika saged katitik mawi dasar cariyos sambet sinambet dening para sepuh ingkang mratelakaken bilih Ki Jagembira pepundhenipun warga Padukuhan Bolang , Ki Rompak Baya/ Sarabaya ingkang sinebat mBah Kawitan pepundhenipun Padukuhan Doplang menika sedaya Prajurit Majapahit ingkang sami keplajar lan bebala ing Padukuhan kasebat. Dhatengipun para pengungsi saking Majapahit wau mbekto owah-owahan tumrapping padukuhan lan sakiwa tengenipun. Sekawit, Desa Girikarto menika kabekelan mapan ing Padukuhan Karang lan mlebet Kademangan Karangnangka. Ki Bekel Wonosentono ingkang katelah Bekel Dhongkol ngasto Kabekelan Karang kaparingan tanggal jawab njagi bandha negari peksi Walet ing saurating pesisir kidul. Wanci ngundhuh susah Wallet wau, mila mboten sekedhik angsaliun (hasilipun) ngantos dipun usung ngginakaken Kuda, lajeng dipun aturaken dhateng Negari (Kraton). Awit saking kondhangipun Walet ing pesisir Kabekelan Karang, ngantos tiyang-tiyang sakjawining rangkah kathah ingkang badhe gadhah niat nguwaosi, saenggodamel mboten tentrem ing wewengkon Kabekelan Karang. Bab mekaten wau kepireng dening Kanjeng Bupati, ingkang lajeng paring dhawuh amrih penjagen pesisir kidul langkung dipun kiyati. Ki Kertopati tiyang saking Balimbi (Blimbing) sagah mbiyantu njaging ing pesisir kidul, awit tiyang wau alebet dhuk-dheng kondhang kekendelanipun. Kabekelan Karang dados tentrem semanten ugi guwa-guwa wallet ing pesisir kidul mboten wonten ingkang wani ngganggu. Rehne Ki Kertopati wau tiyang saking Blimbing ingkang saged damel tentrem Kabekelan Karang, wusana Kanjeng Bupati paring dhawuh lan netepaken Kabekelan Karang mlebet wewengkon Kademangan Blimbing. Tumapak ing dinten gantosing wulan lan tahun awit kemajenganing jaman laras kaliyan tansaya ngrembaka cacahing warga, kanyata angsal kawigatosan saking Kraton, saengga Kabekelan Karang dipun indhak aken tataranipun dados Kalurahan. Sak lerehipun Ki Bekel Dhongkol, sinarengan kaliyan telasing peprentahan Kabekelan Karang, awit lajeng gantos pranatan. Saksampunipun dipun adani parapatan ingkang dipun pangarsani dening Asisten Panji, milo punjering peprentahan enggal menika lajeng kayong dhateng Dusun Wiloso. Awit sami kapenggalih menawi tetep wonten ing Karang, kawawas mboten saged timbang

	lanjutan “Madege Kalurahan Wiloso Desa Girikarto”		mapanipun, ngengeti Karang menika mapan ing tapel wates kilen. Pepuntonipun dipun tetep aken punjering peprentahan (Ibukota) Klurahan mapan ing Wiloso kaleresan mapanipun ing tengah-tengahing bumi Girikarto. Rehne Peprentahan enggal menika mapanipun wonten ing Wiloso, milo lajeng dipun sarujuki lan dipun tetepaken kanthi sesebatan Kalurahan Wiloso. Madeg ing dinten Senin Paing, surya kaping 22 Mei 1916 utawa 19 Rejeb 1946 ing tahun Je, sinengkalan : Karaseng Driya Trusing Gusti. Nami nami Lurah ingkang jumeneng wonten Kalurahan Girikarto : 1. Gunadiryasaking Wiloso 2. Prawirawiharjasaking Wiloso 3. Harjasudarmasaking Wiloso 4. Wignyadiharjasaking Dawung 5. Sukapasing Bedug 6. Tuyadisaking Bedug 7. Sumardiyonosaking Doplang
--	---	--	--

4.	“Munggur Kuncara Kinarya Tandha”	Wit Munggur	Maneka warni pambudidayaning para leluhur anggenipun yasa tetenger amrih putra wayah/ anak turun saged ngenget-enget prastawa wigatos lan gampil anggenipun sami mahami. Kados dene damel tugu, prasasti, monument lan wewangunan sanes-sanesipun, mapan ing papan ingkang methok lan gampil dipun tingali, dipun pahami, dipun kenali, lan dipun enget-enget. Ki Gunadiryia ingkang jumeneng Lurah ing Kalurahan Wiloso kapisan mboten kirang ing weweka, sarana damel tetenger ingkang saged turun temurun. Apesipun dipun prangguli/ dipun tingali dening anak, putu, buyut, canggah, udheg-udheg, gantung siwur sokur bage ngantos turun temurun sak ngandhapipun. Kepyakan madkipun Kalurahan Wiloso, tinengeran kanthi nanem (menanam) wit “Munggur” ing sak ngajenging Kalurahan (dalemipun Ki Lurah), mapan ing tengah-tengahing delanggung, prapatan Dusun Wiloso kinten kinten tahun 1916 M utawi 1946 tahun Je. Menawi dipun sengkal : Karaseng Dirya Trusing Gusti lan dipun wawas dados pusering bumi Kalurahan Wiloso. Wit Munggur wau tuwah subur, kados-kados suka sasmita bilih Kalurahan Wiloso saged tuwah ngrembaka, mahanani gesanging para warga pinanggih subur tata titi tentrem kerta raharja. Ki Gunadiryia ageng kawigatosanipun dhumateng gesang ipun wit Munggur wau, njagi, ngupakara kanthi gemati saengga saged gesang kanthi ngremenaken lan ketingal tansaya mekar. Kangge njagi amrih lestarining wit Munggur wau kanthi cara dipun sakralaken lan dipun damel Krapyak ingkang ngupeng wit menika, saengga sedaya warga sami dene rumaos tanggel jawab njagi lan ngupakara Munggur menika wau. Rumambating wekdal ingkang alon nanging lumampah ajeg, mboten karaos menawi wit Munggur wau tansaya ageng, ngrembuyung subur temah kening kangge pangaubaning para warga kabekta hawanipun ingkang silir rumesep ing otot bebayu. Agenging wit Munggur wau ngantos tigang (3) prangkul tiyang dewasa, saking katebihan ketingal njenggureng, kukuh, bakuh santosa awit sampun umur udakara 102 tahun. Ing wanci siang kening kangge pangauban saking panasing surya dene menawi wanci dalu para mudha tamaruna sami rerumpon (jagongan) ing sak ngandhaping Munggur wau, saengga tansaya asri jalaran dados pasabaning para warga. Ngantos sak menika wit Mungur menika tansaya kontap ing wewengkon Kecamatan Panggang, kepara sampun dados ciri khas (ikon) Desa Girikarto, awit mapanipu ing delanggung prasekawanan (perempatan jalan). Lan dusun ingkang ageng dhasaripun dados punjering Pamarintah Desa, mila mboten mokal menawi dados papan jujugan sawanci wonten tiyang manca ingkang nggadhahi keperluan dhateng Girikarto. Kanthi anyawang wit Munggur menika, ugi badhe enget madegipun Kalurahan Wiloso ingkang lajeng dados Desa Girikarto. Tan kena sirna, kinanti krentek nguri-uri amrih lestari kakukuhno dadyo Cagar Budaya.
----	----------------------------------	-------------	--

b. Kelompok Mocopatan

No.	Nama Kelompok	NamaKetua	Alamat	Jumlah Anggota	Jadwal Kegiatan Latihan/	Pengalaman Pagelaran	Prestasi
1	Tlogo Budaya	Wastilah	Al-Maududi, Karang	18	Senin/ 20.00-22.00		
2	Merah Budaya	Tukadi	Al-Istiqomah, Bedug	40	Senin/ 19.00-22.00		
3	Ibu Muda Budaya	Riyanti	Al-Maududi, Karang	12	Selasa/ 19.00-20.30		
4	Padhang Budaya	Hantini,S.Pd	Al-Huda, Karang	18	Selasa/ 20.00-22.00		
5	Karang Budaya	Umi Hanah	Al-Mududi, Karang	21	Rabu/ 20.00-22.00		
6	Kedawung Budaya	Retno Dwi W	Al-Hidayah, Dawung	40	Kamis/ 18.00-20.00		
7	Pundung Budaya	Dwi Haryani,S.Pd	Pinter Bareng, Pundung	35	Kamis/ 20.00-22.00		
8	Doplang Budaya	Parwini	Mar'atus Sholihah, Doplang	35	Kamis/ 19.30-21.30		
9	Brangwetan Budaya	Sukirno	Al-Huda, Karang	16	Jumat/ 19.00-20.30		
10	Ibu Pundung Budaya	Dwi Haryani,S.Pd	Rona Mentari, Pundung	35	Jumat/ 20.00-22.00		
11	Tebu Budaya	Ngadilah	Al-Maududi, Karang	24	Minggu/ 20.00-22.00		
12	Pule Budaya	Ki Karjani	Kamisada Bolang	35	Senin Wage/ 20.00-22.00		
13	Manggung Budaya	Sagiman	Abu Bakar, Wiloso	35	Minggu/ 19.00-20.30		

Kelompok macapat ini dirintis oleh H Hasan Abwam disela kegiatan pengajian yang sebagian besar adalah ibu-ibu yang dipimpinnya. Dalam kegiatan ini dilakukan sekali dalam seminggu dan sekarang sudah berkembang di 13 kelompok macapat.

Sebagai dokumentasi dibuatkan daftar hadir dan video dari kegiatan tersebut bahkan ada beberapa yang sudah diupload di Youtube diantaranya Tlogo Budoyo pimpinan Ibu Wastilah dan Rona Mentari Pundung pimpinan Ibu Dwi Haryani, S. Pd.

c. Pemanfaatan Bahasa, Sastra dan Aksara Jawa

No.	Aspek	Keterangan
1.	Penguasaan bahasa Jawa oleh kelompok warga	Warga masyarakat masih menggunakan dan menguasai bahasa Jawa sebagai bahasa sehari-hari. Contoh pelakunya : Sugiyono dari Doplang
2.	Penerapan Bahasa Jawa dalam kegiatan ataupun pertemuan warga	Penggunaan Bahasa Jawa dalam Pertemuan-pertemuan di tingkat RT sampai di tingkat Kalurahan. Dalam Pahargyan Tukar Cincin/lintu kalpika, Lamaran, Pernikahan, Lelayu Pelaksanaan upacara adat.
3.	Pemanfaatan Aksara Jawa sebagai penyanding aksara Latin dalam penulisan nama jalan dan fasilitas umum	Dalam proses penyandingan aksara latin dan aksara jawa dalam penulisan jalan dan fasilitas umum - Pembuatan Tulisan aksara Jawa (pelayanan, ruang lurah, pekiwan, mushola, tempat pertemuan, joglo, ruang pkk, bamuskal, sugeng rawuh)
4.	Kegiatan rutin masyarakat dalam rangka mengekspresikan bahasa, sastra, dan aksara Jawa	- Penggunaan bahasa jawa dalam pertemuan di tingkat Dasawisma, RT, Padukuhan sampai tingkat Kalurahan - Dalam pahargyan Temanten mulai dari lamaran samapai pada pernikahan, lelayu, acara resmi - Pelaksanaan upacara adat - Pertunjukan seni (Wayang kulit, kethoprak, teater, macapat dan lain-lain). - Penulisan Buku Girikarto Krido Dhaksino - Masih adanya mata pelajaran Bahasa Jawa dalam Muatan Lokal - Pelatihan aksara jawa dan bahasa jawa

- Girikarta meleak Aksara, Basa dan Sastra Jawa

Perlu perhatian lebih agar aksara basa dan sastra jawa tidak hilang tergerus era digital yang semakin kencang menerpa. Ini kita sadari, adiluhung bangsa terletak bagaimana kita mempertahankannya!